

Viktwa nan Jezikri



Se msye Watson Goodman ki te mete tout bon suje sa yo ansanm.

Viktwa nan Jezikri

Pawòl Bondye a di Satan se prens monn sa-a. Li di ankò Satan se pi gwo lènmi ni Bondye ni lòm, pi bèl kreyati li a. Konsa, nou menm nou nan you gwo batay. Se you batay ant Kris ak Satan. Nou menm, nou dwe chwazi kilès nou vle pou tout letènite, kòm mèt pa nou, ant de (2) moun sa yo: Kris, Kreatè a yo rele Emanyèl, ki vle di Bondye ak nou; oubyen Satan, you kreyati, ki tounen prens tout rebèl yo ki kont Bondye. Kris te gen you kokennchenn viktwa sou Satan, lè-l te mouri epi-l resisite. Viktwa Kris la se pou tout moun ki kwè nan li.

Satan eseye tout jan pou-l twonpe lezòm epi kondwi yo nan move chemen. Kesyon ki enpòtan, se kilès n-ap adore, pou kilès n-ap fè lwanj? Kris. Moun ki te kreye nou an, se li menm ki merite tout adorasyon nou. Nou fè you sèl ak moun nap adore a. Dènye mannigèt Satan pou-l kapte tout moun toupatou nan lemond baze sou pwèn sa yo: (1) Separe nou ak Bondye (fè nou eseye viv san Bondye). (2) Fè tout moun obeyi denmon yo (movèzespri yo). (3) Fè tout moun adore mechen an ki gen pou vini. (4) Fè tout moun adore reprezantan bèt la. (5) Fè tout moun pòte mak bèt la sou kò yo pou yo ka achte oubyen vann. Mezanmi, fè atansyon ak tout bagay sa yo!

*Bondye te kreye Lisifè pou-l te okipe you plas
byen enpòtan nan Syèl la*

Men mesay Senyè sèl Mèt la voye ba ou: Te gen yon lè se ou ki te pi bon. Tout moun t'ap gade sou ou. Ou te gen bon konprann. Ou te yon bèl bagay nan je tout moun. Ou t'ap viv nan jaden Edenn lan, jaden Bondye a. Ou te mete tout kalite bèl pyè koute chè sou ou: ribi, topaz, dyaman, krizolit, oniks, jasp, safi, malachit, emewòd. Tout bèl bijou ki te sou ou te fèt an lò. Se jou Bondye t'ap kreye ou la li te fè pare yo pou ou.

-Ezekyèl 28:12b, 13

Lisifè te tou pre twòn Bondye a

Mwen mete yon zanj cheriben avè ou pou pwoteje ou. Se sou mòn ki apa pou mwen an ou te rete. Ou mache nan mitan gwo dife.

-Ezekyèl 28:14

Lisifè te kreye pafè

Depi jou Bondye kreye ou la, ou pat fè anyen pou yo te fè ou repwòch, jouk jou ou konmanse fè sa ki mal.

-Ezekyèl 28:15

Bondye te chase zanj ki peche a

Pou fè kòmès ou mache, ou lage kò ou nan mechanste. Ou fè peche. Se konsa mwen mete ou deyò sou mòn ki apa pou mwen an. Ou pat bon pou sèvis mwen ankò. Zanj mwen te chwazi pou pwoteje ou la mete ou deyò nan mitan boul dife yo.

-Ezekyèl 28:16

2 KI SA-K TE FE LISIFE FE PECHE A?

Lè ou gen lanbisyon, yo pa lwen kraze ou. Lè w'ap fè awogans, ou pa lwen mouri.

-Pwovèb 16:18

Ou te wè jan ou te bèl, sa fè ou pèdi tèt ou. Paske ou te rive nan yon bèl pozisyon, ou tanmen aji tankou moun fou. Se poutèt sa mwen voye ou jete atè. Mwen kite ou la devan lòt wa yo pou yo wè sa ki rive ou.

-Ezekyèl 28:17

Pinisyon rebèl la

Ou sitèlman fè mechanste ak vis nan kòmès ou yo, ou pa respekte ata tanp ou yo. Mwen mete dife nan lavil ou yo. Yo boule nèt. Tout moun ki t'ap gade ou yo wè ou tounen sann. Tout moun ki te konnen ou nan lòt peyi yo sezi, yo pè pou sa ki rive ou la pa rive yo tou. Ou fini, ou fini nèt.

-Ezekyèl 28:18, 19

Tout kreyati dwe sèvi Kreyatè-a, yo dwe adore-L

Fè sèvis pou Senyè a ak kè kontan! Vini non! Fè fèt devan li! Pa janm bliye: Senyè a, se Bondye li ye. Se li menm ki fè nou, se pou li nou ye. Se pèp li nou ye, mouton ki nan savann li. -Sòm 100:2, 3

Lwanj pou Senyè a! Ala bon sa bon pou moun ki gen krentif pou Senyè a, ki pran tout plezi l nan fè sa li mande!

-Sòm 112:1

Volonte pa-l kont volonte pa Bondye

Manyè di nou non, ou menm ki te klere tankou zetwal bajou a, ki jan ou fè tonbe sot nan syèl la? Ou menm ki te konn mache ap kraze nasyon yo anba pye ou, ki jan yo fè jete ou plat atè konsa? Ou t'ap di nan kè ou: M'ap moute rive jouk nan syèl la. Mwen pral mete fòtèy mwen pi wo pase zetwal Bondye yo. Mwen pral chita tankou yon wa nan nò sou tèt mòn Randevou a. Mwen pral moute sou tèt nyaj yo. M'ap tankou Bondye ki gen tout pouvwa a. -Ezayi 14:12-14

Lisifè fè ravaj sou latè-a

Men kounyeya, yo desann ou nan peyi kote mò yo ye a, jouk anba nan twou san fon an! Mò ki wè ou yo ap fikse je yo sou ou. Y'ap gade ou, y'ap di: Se pa moun ki te konn fè tè a tranble a sa? Se pa li ki te konn fè chèf yo tranble a sa? Se pa li ki te kraze tout lavil yo, ki te fè latè tounen yon dezè a sa? Se pa li ki pat janm kite moun li fè prizonye tounen lakay yo a sa? -Ezayi 14:15-17

Li se you abominasyon devan Bondye

Tout wa latè yo kouche nan bèl kavo yo, yon kavo pou yo chak. Men, ou menm, ou pa menm gen yon tonm. Yo kite kadav ou ap trennen tankou kadav chen nan granchemen. L'ap pouri nan mitan kadav sòlda yo touye nan lagè, yo jete l ansanm ak lòt kadav yo nan yon twou wòch. -Ezayi 14:18, 19a

4 VIV SAN BONDYE, SA RED NET!

Dabò pou Lisifè

(Remake byen, pandan senk fwa Lisifè pale ak pwòp volonte pa-l. Gade nan Ezayi 14:12-14.)

Jezi di yo: Mwen te wè Satan ap tonbe sot nan syèl la tankou yon zèklè. -Lik 10:18

Aprè sa, pou zanj kap swiv Satan yo

Bondye pat fè pa zanj ki te fè peche yo. Li te voye yo jete nan lanfè, li lage yo nan gwo twou kote ki fènwa anpil la, l'ap kenbe yo la pou yo tann jou jijman an. -2 Pyè 2:4

Anfen pou tout moun ki kite Satan pran tèt yo

Fòk li pa yon nonm ki fenk konvèti. Si pa sa, lògèy ka moute l nan tèt, la tonbe anba menm kondannasyon ak Satan. -1 Timote 3:6

...Yon moun esklav tout bagay ki donminen sou li. -2 Pyè 2:19b

Paske lè sa a, gen fo Kris ak fo pwofèt k'ap parèt. Y'a fè anpil mèvèy ak anpil mirak pou twonpe ata moun Bondye chwazi yo, si yo ta kapab. -Matye 24:24

Nan siyèl la gen you sèl volonte, se volonte pafè Bondye-a

Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè l'a fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a, n'a ka konprann sa Bondye vle, n'a konnen sa ki byen, sa ki fè l plezi, sa ki bon nèt ale. -Women 12:2

Pou tout tan-tout tan, lanfè va plen ak moun ki fè pwòp volonte pa yo e ya rayi youn lòt.

BONDYE GEN DWA POU-L RESEVWA 5 TOUT ADORASYON

Se mwen menm, Senyè a, Bondye nou an, ki te fè nou sòti kite peyi Lejip kote nou te esklav la. Piga nou sèvi lòt bondye pase mwen menm sèlman. -Detewonòm 5:6, 7

Fè lwanj Senyè a, paske li merite sa! Pote ofrann ba li anndan lakay li! Adore Bondye nan bèl kay ki apa pou li a! -1 Kwonik 16:29

Li t'ap pale byen fò, li t'ap di: Gen krentif pou Bondye, fè lwanj li! Paske lè a rive, l'ap vin jije lèzòm. Adore moun ki fè syèl la, tè a, lanmè a ak tout sous dlo yo. -Revelasyon 14:7

Jezi reponn li: Wete kò ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi. -Matye 4:10

Mwen lage kò m atè pou m adore li. Men, li di m: Non, pa fè sa. Se sèvi m'ap sèvi Bondye ansanm avè ou, ansanm ak tout frè ou yo ki kenbe pawòl Jezi a byen fèm. Se Bondye pou ou adore. -Revelasyon 19:10a

Vini non! Ann bese tèt nou devan li, ann adore li! Ann tonbe ajenou devan Senyè ki kreye nou an! (*Gade nan Jenèz 1:27.*) -Sòm 95:6

Tout moun Satan twonpe va adore rebèl sa-a

Yonn nan sèt tèt yo te resevwa yon blese ki te manke touye li. Men, blese a te geri. Tout moun te sezi wè sa, yo pran swiv bèt la. Tout moun pran adore dragon an paske li te bay bèt la pouvwa li. Yo adore bèt la tou. -Revelasyon 13:3, 4a

6 NOU PA POU ADORE ADVESE BONDYE YO!

*Satan ak demon yo, yo gen gwo dezi pou fè moun
adore yo, yo menm*

Satan mennen Jezi ankò sou yon mòn ki byen wo. Li moutre l tout peyi ki sou latè ansanm ak tout richès yo. Li di l konsa: M'ap ba ou tout bagay sa yo, si ou mete ou ajenou devan m pou ou adore m.

-Matye 4:8, 9

Malgre sa, rès moun sou latè yo, sa ki pat mouri anba kalamite sa yo, pat sispann adore Satan ak zidòl fèt an lò, an ajan, an bwonz, an wòch oswa an bwa, zidòl ki pa ka wè, ki pa ka tande, ki pa ka mache.

-Revelasyon 9:20

*Bondye va detwi tout moun ki adore
mechan an ak zidòl li yo*

Premye zanj lan pati, li vide gode pa l la sou latè. Menm lè a, moun ki te gen mak bèt la sou yo, moun ki t'ap adore estati l la, yo tout te kouvri ak move maleng ki t'ap fè yo soufri anpil.

-Revelasyon 16:2

Lanmè a renmèt tout moun mouri ki te nan fon li. Lanmò ak kote mò yo ye a renmèt tout mò ki te nan men yo. Yo jije tout mò sa yo dapre sa yo te fè. Apre sa, yo jete lanmò ansanm ak kote mò yo ye a nan letan dife a. (Letan dife sa a, se li menm ki dezyèm lanmò a.)

-Revelasyon 20:13, 14

Se mwen menm ki Senyè a, se konsa yo rele m. Mwen p'ap bay yon lòt bondye pouvwa mwen an. Mwen p'ap kite yo bay zidòl yo lwanj ki pou mwen an.

-Ezayi 42:8

ZANJ BONDYE YO AK ZANJ SATAN YO 7

Zanj Bondye yo pi fò pase zanj Satan yo

Nou menm zanj li yo ki vanyan, ki gen fòs, nou menm k'ap fè tou sa li mande nou fè, nou menm k'ap koute sa l'ap di nou, fè lwanj Senyè a!

-Sòm 103:20

Lè sa a, yon sèl batay pete nan syèl la: Michèl ak zanj li yo pran goumen ak dragon an. Dragon an menm te gen zanj pa l yo avè l pou goumen ak Michèl. Men, dragon an pèdi batay la, yo pa ba l dwa rete nan syèl la ankò, ni li menm, ni zanj li yo.

-Revelasyon 12:7, 8

Zanj Bondye yo ap sèvi epi ap pwoteje pèp Bondye a

Kisa zanj Bondye yo ye menm? Yo tout se yonn bann lespri k'ap sèvi Bondye. Se Bondye menm ki voye yo pou ede moun ki la pou jwenn delivrans yo.

-Ebre 1:14

Bondye ap pase zanj li yo lòd pou yo veye sou ou, pou yo pwoteje ou kote ou pase.

-Sòm 91:11

Zanj choute yo (demon yo) detèmine pou mennen lezòm nan lanfe

Lè sa a, l'al chache sèt lòt lespri ki pi move pase li. Yo antre nan kay la, yo enstale yo. Konsa, kondisyon nonm lan vin pi mal pase jan l te ye anvan an.

-Lik 11:26

Lespri Bondye te di sa byen klè: nan dènye tan an, gen moun k'ap lage konfyans yo nan Bondye. Yo pral obeyi yon bann lespri k'ap bay manti, yo pral swiv yon bann pawòl ki sòti nan move lespri yo.

-1 Timote 4:1

KILES MOUN AK KI BAGAY SATAN PI RAYI

Lòm, kreye nan limaj Bondye-a

Pandan yo t'ap mennen ti bway la vini move lespri a fese l atè, li souke l byen souke. Men, Jezi pale byen fò avèk move lespri a. Li geri pitit la, li renmèt li bay papa li. -Lik 9:42

Fanmi yo — se moun Bondye beni

M'ap voye benediksyon mwenn sou tout moun ki va mande benediksyon pou ou. Men, m'ap madichonnen tout moun ki va ba ou madichon. Gremesi ou, tout nasyon sou latè va jwenn benediksyon. -Jenèz 12:3

*Kris (Bondye nan lachè) ki bay kò-l ak
san-l pou sove lezòm*

Lè Ewòd wè nèg save yo te pase l nan jwèt, li fè yon gwo kòlè. Li bay lòd touye tout ti pitit gason ki te nan lavil Betleyèm ak nan tout vwazinay la, depi sa ki te fenk fèt jouk sa ki te gen dezan, dapre dat nèg save yo te ba li a. -Matye 2:16

Pawòl Bondye a — Satan ap kontredi-l

Sèpan se bèt ki te pi rize nan tout bèt raje Senyè a, Bondye a, te kreye. Li di fanm lan konsa: Eske Bondye te janm di piga nou manje donn tout pyebwa ki nan jaden an? Lè sa a, sèpan an di fanm lan: Se pa vre. Nou p'ap mouri kras. -Jenèz 3:1, 4

Sintespri a ap pwoteje tout kouayan yo

Kenbe tèt nou anplas, rete sou prigad nou. Paske dyab la, lènmi nou an, ap veye nou tankou yon lyon ki move, k'ap cache moun pou l devore. -1 Pyè 5:8

Lap imite mak pwopriyetè a

P'ap gen anyen nan lavil la k'ap tonbe anba madichon Bondye. Fòtèy Bondye ak ti Mouton an va nan mitan lavil la. Tout sèvitè yo va adore li. Y'a parèt devan l. Y'a gen non l make sou fwon yo.

-Revelasyon 22:3, 4

(Gade sa Satan fè, paj 35.)

Lap pèvèti Levanjil la ak manti

Mwen sezi wè jan nou prese vire do bay Bondye ki te rele nou, gremesi Kris la, pou n'al swiv yon lòt kalite Bòn Nouvèl. Pou di vre, pa gen okenn lòt Bòn Nouvèl. Men, mwen di sa paske gen moun k'ap plede chaje tèt nou, ki vle chanje anpil bagay nan Bòn Nouvèl Kris la.

-Galat 1:6, 7

Lap imite sèvitè Bondye yo

Moun sa yo, se pòz apòt yo y'ap pran. Y'ap bay manti sou travay yo, y'ap fè tèt yo pase pou apòt Kris la. Pa gen anyen la a ki pou fè n sezi: ata Satan ka ranje kò l pou l pran pòz yon zanj limyè.

-2 Korent 11:13, 14

Lap imite mirak Bondye yo ak mirak mansonjè

(2 Tes. 2:9; Rev. 13:13, 14; 19:20)

Menm jan Kris ap renyen nan lavi you kwayan kap adore li, menm jan Satan ap dominen sou lavi moun kap adore li menm ou byen kap sèvi movezespri yo.

Senyè, Bondye nou an, gen lòt chèf ki t'ap dirije nou. Men, se ou menm sèl ki mèt nou, se ou menm sèl n'ap sèvi!

-Ezayi 26:13

Pitit mwen yo, veye kò nou ak zidòl! -1 Jan 5:21

Piga nou gen lòt bondye pase mwen menm selman. Piga nou janm fè okenn estati ni okenn pòtre ki sanble bagay ki anwo nan syèl la, osinon bagay ki sou latè ou ankò nan dlo anba tè a. Piga nou adore yo, ni pigas nou sèvi yo. Paske mwen menm, Senyè a, Bondye nou an, mwen se yon Bondye ki fè jalouzi. -Egzòd 20:3-5a

Lòt dye yo, se abominasyon yo ye devan Bondye.

Pigas nou fè sakrifis moun. Bondye defann sa

Nan peyi nou pral pran pou nou an, se pou nou kraze tout kote moun yo te konn sèvi bondye yo sou gwo mòn wo yo, sou ti bit mòn yo, anba pyebwa vèt yo. Atansyon pou nou pa kite yo pran tèt nou pou nou fè menm jan ak yo. Apre Senyè a va fin kraze nasyon sa yo devan nou, pa konprann pou n'al swiv move egzansyon yo. Pa chache konnen ki bondye yo t'ap sèvi, ni ki jan yo t'ap sèvi yo, lèfini pou nou fè tankou yo. Se pa konsa pou n'aji ak Senyè a, Bondye nou an. Paske, Senyè a pa ka sipòte tout vye sèvis y'ap fè pou bondye sa yo. Yo menm rive pran pwòp pitit gason ak pitit fi yo pou yo boule nan dife pou bondye yo! -Detewonòm 12:2, 30, 31

Eske mwen ka pran sa ki sòti nan zantray mwen pou m bay pou kouvri peche mwen?

-Miche 6:7b

San Jezikri lave tout peche.

Se you foli pou moun adore zidòl yo

Yo mete manti nan plas verite Bondye a. Yo pito adore kreyati Bondye, yo pito sèvi yo pase pou yo adore Bondye ki kreye yo a, li menm ki merite pou n fè lwanj li tout tan. Amèn. -Women 1:25

Bondye nou an, se nan syèl la li ye, Li fè sa l vle. Zidòl pa yo, se bagay ki fèt ak ajan ak lò. Se moun ki fè yo ak men yo. Yo gen bouch, men yo pa ka pale. Yo gen je, men yo pa ka wè. Yo gen zòrèy, men yo pa ka tande. Yo gen nen, men yo pa ka pran okenn sant. Yo gen men, men yo pa ka manyen anyen. Yo gen pye, men yo pa ka mache. Pa menm yon ti son pa ka sòti nan gòj yo. Moun ki fè zidòl yo ansanm ak tout moun ki mete konfyans yo nan yo, se pou yo tounen tankou yo. -Sòm 115:3-8

Adore zidòl se adore djab la

Se poutèt sa, zanmi m yo, pa mele nan sèvis zidòl yo. Non! Men sa m vle di: ofrann bèt moun lòt nasyon yo ap fè a, se pa pou Bondye, se pou denmon yo fè li. Mwen pa ta vle nou vin an kominyon ak denmon yo. -1 Korent 10:14, 20

Men pinisyon pou moun kap adore zidòl yo

Men, pou moun ki lach yo, moun ki pa kenbe pawòl yo, ansasen yo, bann moun deprave yo, moun k'ap fè maji yo, moun k'ap adore zidòl ansanm ak moun k'ap bay manti, plas yo se nan letan dife ak souf k'ap boule a yo ye. Se sa yo rele dezyèm lanmò a. -Revelasyon 21:8

12 ADORE ZIDOL (DJAB LA) SE ABOMINASYON DEVAN BONDYE

*Bondye te detwi nasyon you poutèt zidòl yo. Pinga
gen zidòl lakay ou!*

Senyè a pral mete wa yo anba pye nou. Nou pral touye yo, nou pral fè tout moun sou latè bliye non yo. Pèsonn p'ap ka rete nou sou kous nou. Nou pral detwi yo tout. N'a boule tout zidòl yo te taye nan bwa. Pa kite lò ak ajan ki kouvri zidòl yo mete move lanvi nan ke nou. Pa pran yo pou nou. Sa ka yon pèlen pou nou. Nou konnen bagay konsa se bagay Senyè a, Bondye nou an, pa vle wè menm. Konsa tou, pa pran okenn nan zidòl sa yo pou nou mete anndan lakay nou, pou menm madichon ki sou yo a pa tonbe sou nou tou. Se pou nou konsidere yo pou move bagay, pou vye bagay sal. Se bagay ki madichonnen, bagay ki fèt pou disparèt nèt. -Detewonòm 7:24-26

Anpil moun nan peyi Izrayèl la te gen denmon nan tèt yo lè Jezikris te sou latè. Pouki sa? Paske zansèt yo te adore zidòl.

Yo pran adore zidòl yo. Sa tounen yon pèlen pou yo. Yo ofri pwòp pitit gason ak pwòp pitit fi yo pou touye bay zidòl yo. Senyè a te fache anpil sou pèp li a. Li te degoute ak pitit li yo.

-Sòm 106:36, 37, 40

Piga nou adore yo, ni pigas nou sèvi yo. Paske mwen menm, Senyè a, Bondye nou an, mwen se yon Bondye ki fè jalouzi. Lè yon moun rayi m, mwen fè pitit li, pitit pitit li ak pitit pitit pitit li yo peye sa.

-Egzòd 20:5

Piga n'al konsilte moun k'ap rele mò nan tab tounant osinon moun k'ap fè divinò. Si nou fè sa, n'ap tounen tankou moun sa yo, nou p'ap nan kondisyon pou fè sèvis pou mwen. Se mwen menm ki Senyè a, Bondye nou an! -Levitik 19:31

M'a wete tout w'anga nan peyi a. Nou p'ap jwenn moun ki pou bat kat pou nou ankò. -Miche 5:12

Dezobeyi Bondye nan sa l mande ou fè a se menm bagay ak fè maji. Fè tèt di ak Bondye se menm bagay ak sèvi zidòl. Enben, ou voye pawòl Bondye a jete, Senyè a wete ou nan plas wa a, li voye ou jete tou. Li pa gen anyen pou l wè avè ou ankò!

-1 Samyèl 15:23

Lè n'a fin antre nan peyi Senyè a, Bondye nou an, va ban nou an, pa lage kò nou nan fè menm vye bagay moun lòt nasyon yo ap fè. Piga pèsonn nan nou pran pitit gason osinon pitit fi li pou li boule nan dife pou zidòl. Piga gen pèsonn nan mitan nou k'ap fè divinò, k'ap etidye zetwal nan syèl la pou konnen sa ki gen pou rive, k'ap pran pwen, k'ap fè maji. Piga gen nan mitan nou moun k'ap sèvi ak cham, moun ki pral nan tab tounant, k'ap vizite moun ki konn tire kat, ak moun k'ap rele mò pou pale ak yo. Paske Senyè a pa vle wè moun k'ap fè bagay sa yo. Epitou, se paske moun lòt nasyon yo t'ap fè tout vye bagay sa yo kifè Senyè a, Bondye nou an, te mete yo deyò pou nou ka pran plas yo.

-Detewonòm 18:9-12

Nekwomansi: se evoke lèspri mò yo pou predi sa-k pral rive, oubyen fè maji nwa.

14 **MOVEZESPRI EDE PREDI
SA-K PRAL RIVE**

*Bondye defann astwoloji, sosèlri, epi koupe kò
oubyin fè lòt mak sou kò moun*

Piga nou manje okenn vyann ak tout san li ladan l. Piga nou chache konnen davans bagay ki gen pou rive nou nan lavi. Pa etidye pozisyon zetwal pou chache konnen sa ki pral rive sou latè. Piga nou make kò nou avèk kout kouto, ni pigas nou fè desen ak lank sou kò nou. Se mwen menm ki Senyè a!
-Levitik 19:26, 28

Pa koute pwofèt nou yo, ni divinò nou yo, ni okenn lòt moun ki pretann yo konnen sa ki pral rive nou, paske yo fè rèv pou nou, osinon paske yo ka li sa k'ap pase nan syèl la ou ankò paske yo konn fè maji.
-Jeremi 27:9a

Parèt mwen parèt, m'ap denonse moun k'ap fè maji, moun k'ap fè adiltè, moun k'ap fè sèman.
-Malachi 3:5a

Moun k'ap bat kat yo, se twonpe y'ap twonpe moun. Divinò yo menm, se manti y'ap bay. Rèv yo fè pa vle di anyen. Moun yo mete espwa yo nan bagay ki p'ap janm rive. Moun yo pèdi tèt yo tankou mouton ki pèdi bann. Yo nan traka paske pa gen chèf pou mennen yo.
- Zakari 10:2

Mete konfyans ou nan vre Bèje-a

Jezi di yo: Pa kite bagay sa yo toumante nou. Mete konfyans nou nan Bondye, mete konfyans nou nan mwen tou.
-Jan 14:1

Soselri: se fè maji ak lèd movèzespri yo.

Astwoloji: se etidye zetwal yo. You astwolog se you moun kap etidye zetwal pou-l ka fè prediksyon.

Se pa pou nou devine ak lèd movèzespri yo

Si pèp la mande nou pou n'al kay divinò ak moun k'ap rele mò, yon bann moun k'ap pale chwichwi pou moun pa ka konprann, si yo di nou: Eske moun pa gendwa mande bondye yo sa pou yo fè? Eske yo pa gendwa al rele mò yo pou vivan yo? -Ezayi 8:19

Pa sèvi ak okenn pàti koupe nan kò a ni ak limaj yo

Wa Babilòn lan kanpenan kalfou a bò mak yo, l'ap souke flèch yo voye atè pou li ka konnen ki wout pou li pran. L'ap mande zidòl yo sa pou l fè, l'ap egzaminen fresi bèt yo touye pou bondye yo. -Ezekyèl 21:21

Pa devine ak baton yo

Se yon moso bwa y'al mande sa pou yo fè! Se yon bout bwa ki pou di yo sa yo bezwen konnen! Yo tankou yon fanm marye ki lage kò l nan fè jennès, yo pèdi tèt yo. Y'ap kouri dèyè lòt bondye, y'ap twonpe Senyè a! -Oze 4:12

Pinisyon divinò yo

Se konsa Sayil mouri paske li pat kenbe pawòl li ak Senyè a. Li pat obeyi lòd Senyè a te ba li. Li te pito fè yo rele nanm moun mouri pou l te konnen sa ki ta pral rive l, pase pou l te al mande Senyè a sa. Se poutèt sa Senyè a te touye l, li renmèt gouvènman an nan men David, pitit lzayi a. -1 Kwonik 10:13, 14

Moun k'ap fè prediksyon yo pral wont. Divinò yo p'ap konnen sa pou yo di. Yo pral rete men nan bouch, paske Bondye p'ap reponn yo. -Miche 3:7

**16 MEN JAN PRENS LEMONN
LAN AP TRAVEY**

Moun ki pa konvèti yo ap swiv astwoloji

Li di konsa: Piga nou swiv lòt nasyon yo. Nou pa bezwen pèdi tèt nou lè nou wè siy nan syèl la. Se moun lòt nasyon yo ki pou pè lè konsa.

–Jeremi 10:2

Pa konfiye ou nan mò ni nan bagay ki ka bay chans. Pa lage kò ou nan mizik lemonn lan, ni nan move foto yo. Renonse ak lògèy, ipokrizi, epi relijyon ki pa pwodwi bòn zèv.

Malè pou nou, nou menm dirèktè lalwa ak farizyen, bann ipokrit! Nou sanble tonm yo blanchi nan simityè. Deyò yo parèt byen bèl, anndan yo plen ak zosman mò ak tout kalite vye bagay pouri. Konsa tou, sou deyò nan je moun, nou sanble moun k'ap mache dwat devan Bondye. Men anndan kè nou, nou plen ipokrizi ak mechanste.

–Matye 23:27, 28

Lide touye tèt ou sòti nan djab la

Se pa pou nou kouè nan manti Satan ak movèzespri yo ki di ou fòk ou touye tèt ou pou ou ka santi ou libere anba movèz zak ou komèt. **Piga nou touye moun** (Egzòd 20:13.)

Kris la sèl ka libere nou anba peche nou yo

(Gade pag 48 epi 49.)

Senyè a, se tout fòs mwen. Se pou li m'ap chante. Se li menm ki delivre m. Se Bondye mwen li ye, m'ap fè lwanj li. Se Bondye zansèt mwen yo, m'ap di jan li gen pouvwa.

–Egzòd 15:2

Satan sèvi ak fo pwofèt yo

Men, Senyè a reponn, li di m konsa: Se pa vre sa pwofèt yo ap di a. Yo pran non m pou bay manti! Se pa kras mwen menm ki voye yo. Mwen pa ba yo okenn lòd, mwen pa janm pale ak yo. Si yo fè vizyon, se pa mwen ki ba yo l. Si yo di yo konnen sa ki pral rive, se manti. Se lide yo fè nan tèt yo konsa pou twonpe pèp la, se sa ase yo ka louvri bouch yo di.

-Jeremi 14:14

Lè sa a, gen fo Kris ak fo pwofèt k'ap parèt. Y'a fè mèvèy ak mirak pou twonpe ata moun Bondye chwazi yo, si yo ta kapab.

-Mak 13:22

Satan sèvi ak mò yo

Sou enspirasyon Bondye, Rwa David te di alega pitit li-a nan 2 Samyèl 12:23, Men, kounyeya, pitit la mouri... Men li menm, li p'ap janm ka tounen vin jwenn mwen ankò.

Se pa pou-n pale ak movèzespri yo, sòf pou chase yo nan Non Jezikris. Se pa pou mou mete konfyans nou nan moun kap li pla men nou, kap li planch ouija, kap fè fetich osinon maji. Men se Senyè a k'ap deside kilès k'ap genyen batay la (Pwovèb 21:31b.)

Se pou nou detwi tout zidòl, boule tout liv maji yo

Te gen anpil ladan yo ki te konn pratike maji, yo pote liv yo, yo boule yo devan tout moun. Dapre kalkil yo te fè, te gen liv pou desansenkantmil (250.000) goud antou. Se konsa pawòl Bondye a t'ap gaye avèk pouvwa, li t'ap moutre fòs li.

-Travay 19:19, 20 (Gade Jenèz 35:2-5.)

**18 KRIS TE KREYE GASON AK FI
MEN SATAN PEVETI RELASYON YO**

*Bondye te kreye relasyon seksiyèl pou
moun marye selman*

Avèk zo kòt li te wete nan nonm lan, li fè yon fanm, li mennen l ba li. Se poutèt sa, gason an va kite papa l ak manman l pou l mete tèt li ansann ak madanm li, pou tou de fè yon sèl.

–Jenèz 2:22, 24

Maryaj se yon bagay tout moun dwe respekte anpil. Moun ki marye yo dwe rete fidèl yonn ak lòt. Bondye gen pou jije moun k'ap mennen movèz vi yo ansann ak moun k'ap fè adiltè yo.

–Ebre 13:4

Kanta pou moun marye yo, men lòd mwen ba yo (sa pa sòti nan mwen non, men na Senyè a menm): Lè yon fanm marye, li pa dwe kite ak mari li. Si li rive kite avè l, se pou l rete pou kont li, san l pa remarye. Pase pou l ta remarye, pito li tounen ak mari l ankò. Konsa tou, yon mari pa dwe mete madanm li deyò.

–1 Korènt 7:10, 11

(Gade Women 7:2 epi Mak 10:9.)

Se Satan ki dèyè dezobeyisans

Moun k'ap kontinye viv nan peche, se moun Satan yo ye, paske Satan ap fè peche depi nan konmansman.

–1 Jan 3:8a

Nou tounan esklav moun nap obeyi-a

Nou konn sa byen: Si nou lage tèt nou nan men yon moun pou nou sèvi l esklav pou n obeyi l, nou tounen esklav moun n'ap obeyi a.

–Women 6:16

FONIKASYON AK ADILTE, SE REBELYON KONT BONDYE

19

Piga nou fè adiltè.

-Egzòd 20:14

Men sa Bondye vle pou nou: Se pou nou viv apa pou Bondye, pou nou pa lage kò nou nan imoralite.

-1 Tesalonisyen 4:3

Depi yon nonm fè adiltè ak madanm yon frè parèy li, se pou yo touye yo, ni li ni madanm lan.

-Levitik 20:10

Piga peche kont pwòp kò ou

Kò moun pa fet pou dezòd lachè. Se pou Senyè a li ye, Senyè a se pou kò a li ye. Nou konnen, pa vre, kò nou se manm kò Kris la. Kouri pou dezòd lachè. Yon moun te mèt fè tout lòt kalite peche, sa pa fè kò l anyen. Men, moun ki lage kò l nan dezòd lachè, li fè peche kont pwòp kò li.

-1 Korent 6:13b, 15a, 18

Paran yo dwe pwoteje jèn yo kont peche lachè

Piga nou avili pitit fi nou yo pou nou voye yo fè jennès nan tanp zidòl yo. Si nou fè sa, tout peyi a va vire al jwenn zidòl yo. Lè sa a, tout moun va lage kò yo nan fè sa ki mal.

-Levitik 19:29

Fònikasyon: Se relasyon seksyèl ant de (2) moun ki poko marye.

Adiltè: Se lè ou marye epi ou al gen relasyon seksyèl ak you moun ki pa madanm ou osinon mari ou.

Menm jan tout moun gen pou mouri paske yo fè yonn ask Adan, konsa tou, tout moun ki fè yonn ak Kris la ap gen lavi ankò. -1 Korent 15:22

Moun li rele pitit li yo, se moun ki gen yon kò ki fèt ak chè ak san. Jezi vin tankou yo tou, menm chè ak yo, menm san ak yo. Konsa, lè li mouri, li detwi Satan ki te gen pouvwa pou touye moun. Li delivre tout moun ki pase tout lavi yo esklav paske yo te pè lanmò. -Ebre 2:14, 15

Moun k'ap kontinye viv nan peche, se moun Satan yo ye, paske Satan ap fè peche depi nan konmansman. Pitit Bondye a parèt toutespre pou kraze travay Satan an. -1 Jan 3:8

Avèk Kris la ki mouri sou kwa a, Bondye wete tout pouvwa ak tout otorite lespri yo te genyen nan lemonn. Li fè tout moun wè sa yo ye. Li fè yo mache tankou prizonye devan Kris la ki te genyen batay la. -Kolosyen 2:15

Nou gen imòtalite nan Kris la

Se Bondye ki delivre nou, se li menm ki rele nou pou n ka viv pou li. Li pat fè sa pou nou poutèt byen nou te fè. Non, sa sòti nan plan travay li menm. Se yon favè li fè nou nan Jezikri, depi lontan anvan li te kreye tout bagay. Kounyeya, li fè nou konnen favè sa a avèk Jezikri, Sovè nou, ki te vini an. Paske, Jezikri kraze pouvwa lanmò te genyen an. Avèk bòn nouvèl la, li fè lavi ki p'ap fini nan lanmò a parèt aklè. -2 Timote 1:9, 10

YOU KRETYEN GEN LAVIKTWA 21

SOU SATAN

Paske dyab la, lènmi nou an, ap veye nou tankou yon lyon ki move, k'ap chache moun pou l devore. Kanpe fèm nan konfyans nou, kenbe tèt avè l.

-1 Pyè 5:8b, 9a

Pran mete sou nou tout kalite zam Bondye ban nou pou nou ka kenbe tèt anba riz Satan.... Se poutèt sa, depi kounyeya, pran tout zam Bondye bay yo. Konsa, lè move jou a va rive, n'a ka kenbe tèt ak lènmi an.... mare verite a tankou yon sentiwon nan ren nou. Pwoteje nou ak jistis Bondye a tankou plak pwotèj sòlda yo mete sou lestonmak yo pou pwoteje yo. Pou soulye nan pye nou, mete aktivite pou anonse bòn nouvèl k'ap fè moun viv ak kè poze a. Toujou pran konfyans nou gen nan Bondye a tankou yon defans ki va penmèt nou pare tout flèch Satan an ap voye tou limen sou nou. Resevwa pouvwa Bondye k'ap delivre nou an tankou yon kas an fè nan tèt nou. Asepte pawòl Bondye a tankou yon nepe Sentespri a ban nou. Pandan n'ap fè tou sa, pa janm bliye lapriyè. Mande Bondye konkou li. Lapriyè nan tout sikonstans avèk pouvwa Sentespri a.

-Efezyen 6:11, 13a-18a

Se Poutèt sa, desann nou devan Bondye. Men, pran pozisyon kont Satan, la kouri kite nou.

-Jak 4:7

Paske lespri [Kris] ki nan nou an gen plis pouvwa pase lespri [Satan] ki nan moun ki pou lemonn yo.

-1 Jan 4:4b

Li se vwa Bondye

Men, nan dènye jou sa yo, se pitit li a menm Bondye te voye pale ak nou nan non li. Se ak Pitit sa a Bondye te kreye tout bagay. Se li menm tou Bondye chwazi pou eritye tout bagay lè sa va fini nèt.

-Ebre 1:2

Yo te sezi tande sa l t'ap moutre yo. Se pat menm jan avèk dirèktè lalwa yo, paske li te pale ak yo tankou yon moun ki otorize.

-Mak 1:22

Pou nou menm, se yon sèl Bondye a ki genyen: se Papa a ki kreye tout bagay epi se pou li n'ap viv. Pou nou menm, se yon sèl Mèt ki genyen: se Jezikri, se nan li tout bagay sòti, se li k'ap fè nou viv tou.

-1 Korent 8:6

Li bay Pitit la otorite pou jije, paske Pitit la, se Moun Bondye voye nan lachè a.

-Jan 5:27

Bondye sove nou gremesi Jezikri ki te leve sòti vivan nan lanmò, ki moute nan syèl la, ki chita sou bò dwat Bondye kote l'ap domennen sou tout zanj yo, sou tout chèf yo ak sou tout otorite yo.

-1 Pyè 3:21b, 22

Paske, Kris la te mouri, apre sa li leve sòti vivan ankò pou l te kapab Mèt tout moun, ni moun vivan yo ni moun mouri yo.

-Women 14:9

Jezi pwoche bò kote yo, li di yo konsa: Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a.

-Matye 28:18

Jezi leve, li pale byen fò ak van an, li di: Pe la. Li di dlo a: Rete trankil. Latou, van an tonbe epi vin gen yon gwo kalmi. -Mak 4:39

Li fè gerizon ak otorite

Enben, m'ap fè nou konnen, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen gen pouvwa sou latè pou m padonnen peche. Lè sa a, Jezi di nonm paralize a: Mwen di ou: leve kanpe, pran nat ou, ale lakay ou. Latou, nonm lan leve kanpe, li pran nat li, li sòti devan tout moun. Yo tout te sezi, yo fè lwanj Bondye. Yo t'ap di: Nou poko janm wè bagay konsa. -Mak 2:10-12

Lè sa a, li pwoche bò madanm lan, li pran men l, li fè l leve. Latou, lafyèb la kite l, epi madanm lan resevwa yo. -Mak 1:31

Kris chase movèzespri yo ak otorite

Move lespri a souke nonm lan byen souke, li bay yon gwo rèl, epi li sòti, l ale. Tout moun yo te sitèlman sezi, yonn t'ap mande lòt: Sa sa ye la a menm! Sa se yon lòt bagay l'ap moutre nou la a. Menm move lespri yo, li pase yo lòd ak otorite, yo obeyi li. -Mak 1:26, 27

Kris resisite mò yo ak otorite

Aprè sa li pwoche, li manyen sèkèy la. Moun ki t'ap pote l yo ret kanpe. Li di: Jennonm, se mwen menm k'ap pale avè ou. Leve. Epi mò a leve chita, li konmanse pale. Jezi renmèt li bay manman li. -Lik 7:14, 15

24 KRIS BAY KRETYEN YO OTORITE AK POUWA SOU TOUT PWISANS LENMI AN

Koute: Mwen ban nou pouvwa pou nou mache sou sèpan ak eskòpyon, pou nou kraze tout pouvwa Satan anba pye nou, pou anyen pa kapab fè nou mal.
-Lik 10:19

Jezi sanble douz disip li yo, li ba yo pouvwa ak otorite pou chase tout move lespri, pou geri tout maladi.
-Lik 9:1

Sa m'ap di nou la a, se vre wi: si yon moun di mòn sa a: Wete kò ou la, al jete ou nan lanmè, si l pa gen doutans nan kè l menm, si l gen fèm konviksyon sa l di a gen pou rive, l'a wè l rive vre.
-Mak 11:23

Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Moun ki mete konfyans li nan mwen, li gen pou l fè tou sa m'ap fè a.
-Jan 14:12a

Jezi di li: Si m kapab menm!... Tout bagay posib wi pou moun ki met konfyans yo nan Bondye.
-Mak 9:23

Mwen mande l pou nou ka konnen tou ki jan pouvwa li k'ap travay nan nou menm ki kwè nan li a, se yon gwo pouvwa ki san limit. Se menm gwo pouvwa sa a Bondye te fè moun wè.
-Efezyen 1:19

Nenpòt sitirasyon ki parèt devan mwen, m'ap degaje m, gremesi Kris la ki ban mwen fòs kouray.
-Filipyen 4:13

MEN KI JAN POU NOU CHASE 25
MOVEZESPRI YO

*Se pou reprimande yo, bay yo lòd pou
sòti nan Non Jezikri*

(Li te pale konsa, paske Jezi te pase l lòd sa a: Move lespri, sòti sou nonm lan.) Lè sa a, Jezi mande li: Ki jan ou rele? Li reponn li: Yo rele m Rejiman, paske nou anpil. Lè sa a, move lespri yo sòti sou nonm lan, yo antre nan kochon yo.

-Mak 5:8, 9, 13b

[Jezi] pale sevè avèk move lespri a, li di li: Espri bèbè, espri soudè, se mwen k'ap kòmande ou: sòti sou ti bway la, pa janm antre sou li ankò. Move lespri a souke ti bway la byen souke. Li bay yon gwo rèl, epi li sòti, l ale. Ti gason an te rete tankou si l te mouri atè a, kifè anpil moun te gen tan ap di: Li mouri wi. Men Jezi pran men l, li fè l leve. Lamenn, ti gason an kanpe. Li di yo: Se lapriyè sèlman ki pou fè kalite lespri sa a sòti.

-Mak 9:25b-27, 29

Pòl...vire, li di lespri a: Nan non Jezikri, mwen ba ou lòd, sòti sou fi a. Menm lè a, lespri a sòti sou li.

-Travey 16:18b

Jezi pale byen fò ak move lespri a, li di li: Pe la! Sòti sou nonm lan. Move lespri a jete nonm lan atè nan mitan tout moun yo epi li sòti, l'ale san l pa fè l okenn mal.

-Lik 4:35

Se poutèt sa, Bondye leve l mete chita kote ki pi wo a. Li ba li yon non ki pi gran pase tout lòt non. Konsa, tou sa ki nan syèl la, tou sa ki sou tè a ak anba tè a, yo tout va mete jenou yo atè devan Jezi pa respè pou non Bondye te ba li a. Tout moun va rekonèt Jezikri se Senyè a. Sa va sèvi yon lwanj pou Bondye Papa a. –Filipyen 2:9-11

Tou sa n'a mande nan non m, m'a fè l pou nou, pou Pitit la ka fè wè pouvwa Papa a. –Jan 14:13

Kèk tan pase, mwen te mennen madanm mwen ak ti moun mwen yo tounen nan peyi Lafrik, pou-n al sèvi Kris la. You jou nan nwit, mwen te reveye ak you movèzespri kap monte sou mwen. Lè-m te pouse jenou-m kont jenou pa-l, pou ouè si-l la vre, li te gen tan peze jenou-m byen vit ak anpil fòs. Menm lè a li kenbe-m nan kou pou-l trangle-m. Men mwen te gen tan di de (2) sèl ti mo: Jezi, sekou! Tout swit li vole l-ale; depi lè sa a, bagay konsa pa janm rive-m ankò. Pandan 47 ane sa yo, m-gen anpil pwisans nan Non Jezikri sou Satan ak tout denmon yo. Pou sove, pou tout delivrans, se pou ou rele Jezu. (wè Women 10:13).

You dam te rakonte nou sa-k te rive li lè-l te etidyan nan Inivèsite. You jennonm te mennen-

l al fè you pwomnad tou pre you ray tren. Apre you sèten moman, msye-a tap eseye touye-l, avèk entansyon pou bay aparans se tren ki te touye-l. Men fi-a te rele Jezi, epi menm lè-a nèg la te vi-n san fòs. Avèk pwisans Jezi, fi-a te fè nèg la mache devan li sou tout wout la jouk yo rive nan Inivèsite-a.

You lòt madanm te di nou jan-l te enpridan. Li te pèmèt you divinò fè you seans lakay li. Depi lè sa a, movèzespri yo kòmanse rale mèb yo, deplase yo nan kay la. Bout pou bout, madanm lan te chase yo nan kay la nan Non Jezi. Apre sa, madanm lan te lage tèt li nèt nan men Jezikris.

Piga montre okenn pitye ni konpasyon pou Satan ak denmon yo. Sèl bi yo genyen se pou fè ou vin jwen yo. Yo pa vle ou kanpe bò kote Bondye. You kretyen, you granmoun, te tonbe anba you maladi ki te fè-l vin fèb, li te menm you ti jan distrè. Li te di-m anpil bagay Satan te di-l. Min granmoun lan tap kalkile ki sa Satan ta ka fè pou li. Mwen te fè-l konprann Satan se pa you moun pou-l ta mete konfyans nan li. Mouin te reprimande Satan e mouin te chase-l, nan Non Jezi-a ki toupwisan. Granmoun lan te di-m: Mwen kontan anpil ou te vin wè-m aswè-a. Pou jouk li mouri, apre senk semèn, li te viv anpè.

—Watson Goodman

Kris se Bondye Kreyatè a

Se ak li Bondye te kreye tou sa ki nan syèl la ak sou latè, sa nou wè ak sa nou pa wè. Se ak li li kreye tout lespri yo ki chita ap donminen, ki gen otorite, ki chèf epi ki gen pouvwa. Se ak Kris la Bondye te kreye yo tout, epi se pou li li te kreye yo.

-Kolosyen 1:16

Kris bay limiyè epi kè poze

Li gen pou l klere tout moun k'ap viv nan fènwa ak nan lonbray lanmò. Li gen pou l fè nou mache nan chemen k'ap ban nou kè poze a.

-Lik 1:79

Mwen mande Senyè a ki konn bay kè poze, pou li fè kè nou poze tout tan, tout jan, pou li toujou la avèk nou tout.

-2 Tesalonisyen 3:16

Satan ak denmon yo vin pou detwi nou

Lè vòlè a vini, se vòlè li vin vòlè, se touye li vin touye, se detwi li vin detwi, se sa ase li vin fè.

-Jan 10:10a

Men, malè pou latè ak lanmè, paske Satan desann sou nou. Li move anpil, paske li konnen pa rete l anpil tan ankò.

-Revelasyon 12:12b

Satan mennen moun nan tenèb epi toumante yo

Chemen moun mechan yo fè nwa kou lannwit. Yo pa ka wè sou kisa y'ap bite.

-Pwovèb 4:19

Nonm rich la mouri tou, yo antere li. Pandan l te kote tout mò yo ye a nan mitan soufrans, li voye je l byen lwen li wè Abraram ak Laza ansanm avèk li.

-Lik 16:22b, 23

Kris se verite a

Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou, li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè li. Nou wè pouvwwa li, se te pouvwwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit li a. Si nou kenbe pawòl mwen yo nan kè nou, nou se disip mwen vre. N'a konnen verite a, lè sa a verite a va ban nou libète nou.

-Jan 1:14, 8:31b, 32

Kris plen lamou

Men sa ki fè nou konnen sa renmen ye: Jezikri bay lavi li pou nou. Se poutèt sa nou menm tou, se pou nou bay lavi nou pou frè nou yo. -1 Jan 3:16

Pou nou menm, nou gen renmen nan kè nou, paske Bondye te renmen nou anvan. -1 Jon 4:19

Satan se papa mansonj

Se Satan ki papa nou. Se sa k fè nou vle fè sa papa nou vle. Depi nan konmansman se sa ase l'ap fè: touye moun. Li pa janm pran pozisyon pou verite a paske pa gen verite menm nan li. Depi l louvri bouch li, se manti l'ap bay paske se mantò li ye. Se papa nan bay manti li ye. -Jan 8:44

Satan fè moun rayi lòt moun

Si moun k'ap viv dapre prensip lemonn yo rayi nou, pa bliye yo te rayi m anvan yo te rayi nou.

-Jan 15:18

Se fasil pou nou wè sa egzijans kò a fè moun fè: se imoralite, malpwòpte ak vis. Se sèvi zidòl, se fè maji, se yonn fè lòt lènmi, se fè kont, fè jalouzi, fè kòlè, se yonn pa vle wè lòt, se fè ti pil gwo pil.

-Galat 5:19-20

Kris netwaye nanm nou

Men, si n'ap viv nan limyè menm jan li menm Bondye li nan limyè, lè sa a se tout bon n'ap viv ansanm yonn ak lòt. Jezi, Pitit Bondye a, va netwaye nou ak san li anba tout peche nou yo.

-1 Jan 1:7

Kris sove nou anba tout peche

Se paske li bay san li pou nou kifè kounyeya Bondye fè nou gras. Nou pa bezwen mande si Kris la p'ap delivre nou tou anba kòlè Bondye.

-Women 5:9

Kris bay nou lavi etènèl

Lavi ki p'ap janm fini an, se pou yo konnen ou, ou menm ki sèl Bondye tout bon an, ansanm ak moun ou voye a: Jezikri.

-Jan 17:3

Satan sal nanm moun

Pa twonpe tèt nou. Moun pa ka pase Bondye nan betiz. Sa yon moun simen, se sa li va rekòlte. Moun ki simen sa ki fè kò l plezi, li gen pou l rekòlte lanmò.

-Galat 6:7, 8a

Satan sedwi moun pou yo sa peche

Moun k'ap kontinye viv nan peche, se moun Satan yo ye, paske Satan ap fè peche depi nan konmansman.

-1 Jan 3:8a

Satan mennen moun jouk nan lanmò ki pap janm fini an

Move zèb yo, se moun ki patizan Satan. Lènmi ki simen move zèb yo, se Satan....yo rache move zèb yo pou jete yo nan dife a. -Matye 13:38b-40a

Satan se prens lemonn koulye a

Mwen p'ap pale anpil ankò avè nou, paske chèf k'ap dominen lemonn lan ap vini. Li pa gen okenn pouvwa sou mwen. -Jan 14:30

Satan se prens la. Si tout bagay pa mache byin, se li-menm ki lakòz sa

Bon konprann konsa pa sòti nan Bondye, li sòti nan lemonn, nan moun ak nan dyab la. Paske, kote ki gen jalouzi, kote moun ap kouri dèyè enterè pa yo, fòk gen dezòd ak tout kalite mechanste. -Jak 3:15, 16

Lè Satan jwenn okazyon, li detwi libète nou gen pou adore Kris ouvètman. Men li pa kapab detwi lamou nan kè nou pou Kris. Kenbe fèm nan lafwa: pa lage-!

Kenbe fèm nan kris jouk sa kaba

Pandan yo t'ap voye wòch sou Etyèn, Etyèn menm t'ap lapriyè, li t'ap di: Senyè Jezi, resevwa lespri mwen. Apre sa, li tonbe ajenou, li rele byen fò: Senyè, pa mete peche sa a sou kont yo. Lè l fin di sa, li mouri. -Travay 7:59, 60

Men kris va gouvène lemonn

Gouvènman li p'ap gen finisman. Nan peyi l'ap gouvènen an se va kè poze san rete. L'ap chita sou fòtèy wa David la. L'ap gouvènen peyi wa David la. L'ap fè gouvènman an byen chita, l'ap ba li bon pye paske l'ap fè sa ki dwat. Li p'ap nan patipri, depi kounyeya jouk sa kaba. -Ezayi 9:7a

**32 ANTIKRIS LA VA DOMINEN
LEMONN NAN YOU TAN KAP VINI**

Mechan an va gen you pwisans ki sòt nan men Satan

Ann konsidere lè Jezikri, Senyè nou an, va parèt pou l sanble nou ansanm bò kote li.... Pa kite pèsonn twonpe nou nan okenn jan. Paske, anvan jou sa a rive, gen yon dènye revòl kont Bondye ki pou fèt. Nou gen pou nou wè mechan ki deja kondannen pou disparèt la vini anvan. Mechan sa a ap kanpe, l'ap pran pozisyon kont tout bagay lèzòm ap sèvi, kont tout bagay lèzòm konsidere pou Bondye. L'a fè, l'a fè, jouk l'a antre nan tanp Bondye a, l'a chita, l'a fè tèt li pase pou Bondye. Lè sa a, mechan an va parèt. Senyè Jezi va soufle ak bouch li sou li, l'a touye li. L'ap annik parèt nan tout pouvwa li pou l fini nèt ak li. Mechan an va vini ak tout pouvwa Satan an. Li va fè anpil mirak, anpil mèvèy ak anpil gwo siy pou bay manti. -2 Tesalonisyen 2:1, 3, 4, 8, 9

Bèt mwen te wè... dragon an ba li pouvwa li, li ba li plas chèf li te genyen an ansanm ak gwo pouvwa li t'ap egzèse a. Yo ba l pouvwa sou moun tout ras, tout peyi, tout lang ak tout nasyon.

-Revelasyon 13:2, 7b

Tout moun pran adore dragon an paske li te bay bèt la pouvwa li. Yo adore bèt la tou, yo t'ap di: Kilès ki tankou bèt la? Kilès ki ka goumen avè li?

-Revelasyon 13:4

L'ap pale Bondye ki anwo nan syèl la mal, l'ap malmennen moun k'ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la. L'ap fè lide chanje tout fèt ak tout prensip lalwa Bondye a. Pandan twazan sis mwa, l'ap kenbe pèp Bondye a anba men l. Apre sa, tribinal la va reyini pou rann jijman an. L'a wete pouvwa a nan men l, l'ap kraze l nèt, li p'ap janm chèf ankò.

-Danyèl 7:25, 26

Bèt la te resevwa pouvwa pou l te di tout kalite pawòl awogan pou joure Bondye. Yo ba l pouvwa fè sa l vle pandan karannde mwa. Bèt la pran pale Bondye mal, li pase non Bondye nan betiz ansanm ak kote Bondye rete a, ak tout moun ki rete nan syèl la. Yo ba l pouvwa pou l fè lagè ak tout moun k'ap sèvi Bondye yo, jouk pou l te genyen batay la. Yo ba l pouvwa sou moun tout ras, tout peyi, tout lang ak tout nasyon. Tout moun sou latè pral adore l, sa vle di tout moun ki pat gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a depi lè Bondye t'ap kreye tout bagay la, liv ki pou ti Mouton yo te touye a. Koute byen wi, si nou gen zòrèy pou tande! **-Revelasyon 13:5-9**

Mennen batay pou lafwa a byen. Kenbe lavi ki p'ap janm fini an fèm. Paske, se Bondye menm ki te rele ou pou ou te konnen lavi sa a, lè ou te byen pale devan yon bann temwen, pou fè konnen jan ou gen lafwa.

-1 Timote 6:12

**34 VEYE POU OU PA JANM ADORE
ESTATI ANTIKRIS LA**

*Lidè-a kap dominen relijyon mondyal la va ede
antikris la twonpe lemonn.*

Se swa ou adore-l oubyen ou mouril!

Moun ki rete sou latè yo te pèdi tèt yo lè yo wè mirak yo te ba l dwa fè devan je premye bèt la. Li mande yo pou yo fè yon estati bèt ki te blese amò ak kout nepe a men ki te byen vivan an. Dezyèm bèt la resevwa pouvwa pou l te fè estati premye bèt la tounen vivan. Konsa, estati a ka pale, li ka touye moun ki pa adore li.

-Revelasyon 13:14, 15

Yo fè bèt la prizonye ansanm ak fo pwofèt ki te fè anpil mirak devan l lan. Se avèk mirak sa yo li te rive twonpe moun ki te resevwa mak bèt la, ki t'ap adore estati l la. Yo jete bèt la ak fo pwofèt la tou vivan nan gwo letan dife kote y'ap boule souf la.

-Revelasyon 19:20

Pèp Bondye rejete tout lòt dye yo

Si Bondye n'ap sèvi a ka wete nou nan gwo fou tou limen an, si li ka delivre nou tou anba men ou, l'ap fè l. Men, menm si li pa vin delivre nou, monwa, nou tou di ou nou p'ap adore bondye pa ou yo, ni nou p'ap mete ajenou devan estati lò ou te fè fè a.

-Danyèl 3:17, 18

Bèt la te egzije pou tout moun, piti kou gran, rich kou pòv, esklav kou lib, pou yo te resevwa yon mak sou men dwat yo osinon sou fwon yo. Pèsonn pat kapab ni achte ni vann anyen si li pat gen mak sa a, sa vle di si l pat gen non bèt la osinon nimewo ki koresponn ak non l lan. Bagay sa a mande anpil bon konprann. Moun ki gen konprann ka resoud pwoblèm nimewo bèt la. Nimewo sa a se non yon moun li ye. Men nimewo a: sisanswasanssis (666).

-Revelasyon 13:16-18

Gen you pi bon jou kap vini pou moun ki kwè

Se moun ki pase anba gwo pèsekisyon an. Yo lave rad yo, yo blanchi yo nan san ti Mouton an. Se poutèt sa, yo kanpe la devan fòtèy Bondye a, lajounen kou lannwit y'ap sèvi nan tanp li a. Moun ki chita sou fòtèy la ap toujou la pou pwoteje yo. Yo p'ap janm grangou, yo p'ap janm swaf dlo. Ni solèy, ni okenn lòt gwo chalè p'ap kapab boule yo. Paske, ti Mouton ki nan mitan fòtèy la va tankou yon gadò pou yo. L'a mennen yo bò sous dlo ki bay lavi a. Se Bondye menm ki va siye dlo nan je yo.

-Revelasyon 7:14b-17

Pito ou antre nan syel grangou pase pou ou al nan lanfe vant plen!

**36 MOUN KI ADORE ANTIKRIS LA,
OSINON KI GEN MAK BET LA
SOU KO YO POU YO KA VANN
OUBYEN ACHTE, YO TOUT KONDANE**

Yon twazyèm zanj t'ap swiv de premye yo. Li t'ap pale byen fò, li t'ap di: Moun ki adore bèt la ansanm ak estati li a, moun ki resevwa mak bèt la sou fwon yo osinon sou men yo, moun sa yo va bwè diven Bondye a tou, diven kòlè Bondye a, diven san melanj Bondye vide nan gode kòlè li a. Tout moun sa yo pral soufri nan dife ak souf devan zanj Bondye yo ak ti Mouton an. Lafimen dife k'ap fè yo soufri a ap moute tout tan san rete. Moun ki adore bèt la ak estati li a, ansanm ak tout moun ki resevwa mak non li a, yo yonn p'ap gen repo lajounen kou lannwit.

Se poutèt sa, se pou pèp Bondye a, moun k'ap obeyi kòmandman Bondye yo, moun k'ap kenbe konfyans yo fèm nan Jezi a gen anpil pasyans.

Aprè sa mwen tande yon vwa nan syèl la ki di mwen: Men, ekri sa: Benediksyon pou tout moun ki depi kounyeya mouri nan sèvis Senyè a. Lespri Bondye a reponn, li di: Wi, benediksyon pou yo. Yo pral poze kò yo apre yo fin travay di. Travay yo fè a pral mache ak yo.

-Revelasyon 14:9-13

GEN VIKTWA SOU MAK SATAN AN AK 37 SOU ESTATI-A ANVAN MENM KOLE BONDYE TONBE SOU TE-A

... Sèt zanj te kenbe sèt kalamite. Se te sèt dènye kalamite yo. Apre yo, Bondye ap sispann fè kòlè. Apre sa, mwen wè yon bagay ki te tankou yon lanmè fèt an kristal mele ak dife. Mwen wè tou moun ki te genyen nan batay yo t'ap mennen kont bèt la, kont estati l la, kont moun ki gen yon nimewo ki koresponn ak non l lan. Yo tout yo te kanpe bò lanmè kristal la, yo te gen nan men yo gita Bondye te ba yo a. Yo t'ap chante chante Moyiz, sèvitè Bondye a, ansanm ak chante ti Mouton an. Bondye, Mèt ki gen tout pouvwa, tou sa ou fè, se bèl bagay! Ou menm ki wa tout nasyon, plan travay ou yo dwat, se verite yo ye. Apre sa, mwen tande yon vwa ki t'ap sòti nan tanp lan. Li t'ap pale ak sèt zanj yo, li t'ap di yo byen fò: Ale vide sèt gode kòlè Bondye a sou latè.

–Revelasyon 15:1b-3; 16:1

(Revelasyon, chapit 16a-18: sèt kalamite ak rezilta yo.)

Moun sa yo ki te gen tèt yo koupe, yo va renyen

Lè sa a, mwen wè yon bann fòtèy. Moun ki te chita sou fòtèy yo te resevwa pouvwa rann jijman. Anmenmtan an tou, mwen wè nanm moun yo te koupe tèt yo paske yo t'ap bay verite Jezi te fè nou konnen an ansanm ak pawòl Bondye a. Moun sa yo te refize adore ni bèt la, ni estati l la. Yo pat resevwa mak bèt la sou fwon yo ni sou men yo. Yo leve sòti vivan nan lanmò. Y'ap gouvènen avèk Kris la pandan mil (1.000) an. –Revelasyon 20:4

MEN AMAGEDON, BATAY KRIS VA FE RETE-A

*Denmon yo ap rasanble nasyon
yo pou yo ka bataye*

Se te twa move lespri ki t'ap fè gwo mirak. Yo pral sanble dènye wa ki sou latè pou batay ki pral fèt nan gwo jou Bondye ki gen tout pouvwa a. Lespri yo sanble tout wa yo yon kote yo rele nan lang ebre a: Amagedon. -Revelasyon 16:14, 16

*Kris va libere peyi li-a ansanm ak pèp
chwazi li-a, Izrayèl*

Mwen pral fè lavil Jerizalèm fè moun lòt nasyon ki bò kote l yo pèdi tèt yo, tankou moun ki sou. Lè y'a sènen lavil Jerizalèm, yo pral sènen lavil ki nan rès peyi Jida yo tou. Lè sa a, m'ap fè lavil Jerizalèm tounen yon gwo wòch lou kou pwa senkant. Tout nasyon ki va chache leve l va foule anba l. Tout moun sou latè pral mete ansanm pou yo atake l. -Zakari 12:2a, 3

Lèfini, Senyè a pral parèt pou l'al goumen ak nasyon yo, jan li te konn goumen nan tan lontan an. -Zakari 14:3

Senyè a pral voye yon gwo maladi sou tout nasyon ki te fè lagè ak Jerizalèm. Y'ap rete kanpe sou de pye yo, epi tout vyann kò yo ap pouri. Grenn je yo pral pouri nan tèt yo, lang yo ap pouri nan bouch yo. -Zakari 14:12

Si Bondye pou nou, kilès ki ka kont nou?

-Women 8:31b

Se poutèt sa, n'ap wè kòlè Bondye sòti nan syèl la, li tonbe sou tout mechanste ak tout lenjistis moun fè. Sitèlman kè yo pa bon, y'ap chache anpeche verite a fè travay li. **-Women 1:18**

Yon nepe byen file t'ap sòti nan bouch kavalye a. Se ak nepe sa a li t'ap frape nasyon yo. Li t'ap mennen yo ak yon baton fè. Li t'ap kraze rezen yo nan moulen diven gwo kòlè Bondye ki gen tout pouvwa a. Sou rad li ak sou janm li yo te ekri non sa a: Wa tout wa yo, Chèf tout chèf yo.

-Revelasyon 19:15, 16

L'ap gouvènen pou tout tan. **-Revelasyon 11:15b**

Antikris la gen pou renyen kèk ane. Kris va renyen sou tout tè-a pandan 1.000 an, epi apre sa li va chèf pou tout tan tout tan

Yo pral sèvi Bondye ak Kris la tankou prèt. Yo pral gouvènen avè l pandan mil (1.000) lanne.

-Revelasyon 20:6b

Nan reny dènye chèf sa yo, Bondye nan syèl la pral fè yon lòt chèf parèt, l'ap pran gouvènman an nan men yo pou tout tan. Li p'ap janm pase yon lòt li.

-Danyèl 2:44a

Tout nasyon va adore Kris, Senyè-a

Tout nasyon ou te fè yo va vin bese tèt devan ou! Y'a fè lwanj ou, paske se ou menm, Bondye, ki gen pouvwa, se ou menm ki fè bèl mèvèy sa yo. Se ou menm sèl ki Bondye.

-Sòm 86:9, 10

40 SATAN AP RAL PEDI NAN BATAY LI-A KONT BONDYE

Lè sa a, yon sèl batay pete nan syèl la: Michèl ak zanj li yo pran goumen ak dragon an. Dragon an menm te gen zanj pa l yo avè l pou goumen ak Michèl. Men, dragon an pèdi batay la, yo pa ba l dwa rete nan syèl la ankò, ni li menm, ni zanj li yo. Yo jete gwo dragon an deyò. Se li menm, sèpan ki la depi lontan an, li menm yo rele dyab la osinon Satan, k'ap plede twonpe tout moun. Yo voye l jete sou latè ansanm ak tout zanj li yo. Apre sa, mwen tande yon gwo vwa nan syèl la ki t'ap di: Kounyeya, Bondye pral vin delivre nou. Kounyeya Bondye fè wè li gen pouvwa, se li ki sèl Mèt! Kounyeya, Kris li a fè wè otorite li. Paske, moun ki t'ap plede akize frè nou yo, moun ki te kanpe la devan Bondye, lajounen kou lannwit, ap pote plent pou yo a, yo mete l deyò nan syèl la.

-Revelasyon 12:7-10

Men zam yo kap bay viktwan nan lagè sa-a

Frè nou yo goumen ak li jouk yo gen batay la, gremesi san ti Mouton an ki te koule ak verite yo t'ap pibliye a: yo pat renmen lavi yo jouk pou yo ta pè lanmò.

-Revelasyon 12:11

Men sa kap tann Satan

Men, dife desann sòti nan syèl la, li disparèt yo. Lè sa a, yo pran Satan ki te alatèt yo, yo jete l nan lètan dife ak souf la, menm kote yo te deja jete bèt la ak fo pwofèt la. Yo pral soufri anpil, lajounen kou lannwit pou tout tan.

-Revelasyon 20:9b-10

POU KI LES MOUN RWAYOM ETENEL 41 BONDYE-A YE?

Senyè Jezukris renyen pou tout tan tout tan

Senyè, ou gen pouvwa, ou gen kouray! Se pou ou tout lwanj. W'ap donminen sou tout bagay pou tout tan. Tou sa ki nan syèl la ak sou latè a se pou ou yo ye. Se ou menm Senyè ki sel wa, paske ou sèl chèf sou tout bagay.

-1 Kwonik 29:11

Menm jan tout moun gen pou mouri paske yo fè yonn ak Adan, konsa tou, tout moun ki fè yonn ak Kris la ap gen lavi ankò. Men, chak moun va leve sòti nan lanmò nan tan pa yo: Kris la an premye anvan tout moun, apre sa, moun ki pou Kris la, se va tou pa yo pou yo leve sòti vivan lè Kris la va tounen ankò. Apre sa, se va lafen. Lè sa a, Kris la menm pral kraze tout chèf, tout otorite ak tout pouvwa. Lè l fini, l'ap renmèt gouvènman peyi kote li wa a nan men Bondye Papa a. Paske Kris la gen pou l gouvènen tankou yon wa jouk lè Bondye va fin genyen batay la nèt sou tout lènmi l yo, pou l mete yo anba pye li. Nan tout lènmi l yo, se lanmò k'ap kraze an dènye. -1 Korent 15:22-26

Apre sa, setyèm zanj lan kònen klewon l lan. Mwen tande vwa yon bann moun ki t'ap pale byen fò nan syèl la. Yo t'ap di: Pouvwa pou gouvènen sou latè a, kounyeya se nan men Mèt nou an ak nan men Kris li a sa ye. L'ap gouvènen pou tout tan.

-Revelasyon 11:15

SATAN AK DENMON YO SE LENMI OU YO YE

Satan mete vye dezi nan kò moun ak nan nanm yo. Li mennen moun fè vye rapò gason ak gason, fanm ak fanm. Li fè fanm touye petit yo; li fè fi jete pitit. Li fè denmon monte nan tèt moun.

Se konsa tou, gason... pran dife yonn pou lòt: ...yo resevwa nan kò yo pinisyon yo merite a.

-Women 1:27

Gen... bagay Senyè a pa vle wè.... se moun k'ap touye moun inonsan.

-Pwovèb 6:16a, 17b

Lè konsa, l ale, li pran sèt lòt lespri ki pi move pase l, lespri yo vin ansanm avè l, yo antre nan kay la, yo rete. Lè sa a, kondisyon moun lan vin pi mal pase jan l te ye anvan an.

-Matye 12:45a

Pa gen anyen la a ki pou fè n sezi: ata Satan ka ranje kò l pou l pran pòz yon zanj limyè.

-2 Korent 11:14

Se pou chèche sèlman Letènèl Bondye. Se pa pou chèche you lòt dye pou konnen sa-k gen pou rive, ni pou konnen sa-k nan tèt you lòt moun, ni pou jwen you gerizon pou kò ou, ni pou gen dirèksyon espiritiyèl.

Satan, ki rebele kont Bondye, se li ki kòz tout sa. Li travay pa mwayen moun, liv, bagay materyl, epi fo kilt yo. Sa li pwodwi kapab samble mirak ak èd pou moun, men kòm rezilta li mare moun anba esklavaj kryel Satan. Se sèl Kris ki kapab libere ou.

Pa lage lavi ou ni lespri ou nan men okenn lespri sòf nan men Lespri Bondye-a. Se pou kwè nan Pawòl Bondye-a epi nan Senyè-a Jezikri.

(Gade Revelasyon 19:13.)

Tout ansèyman ki vle retire nou nan chemen etwat la, chemen padon, ak pirifikasyon, ak redanmsyon, pà mwayen san Jezikri ki koule pou tout pechè yo, ansèymen sa-a fo, se manti, se you fo ansèyman.

Jezi reponn yo: Atansyon pou pèsonn pa twonpe nou. Paske, anpil moun va vini sou non mwen, y'a di se yo menm ki Kris la. Y'a twonpe anpil moun. Gen anpil moun k'ap parèt, y'ap pran pòz pwofèt yo, y'a twonpe anpil moun. -Matye 24:4, 5, 11

Paske, gen anpil moun k'ap viv tankou moun ki pa vle tandè pale jan Kris la mouri sou kwa a. Mwen te deja di nou sa, kounyeya m'ap di nou sa ankò ak dlo nan je mwen: Moun sa yo ap rive fin detwi tèt yo. Se vant yo ki bondye yo. Yo pran plezi yo nan bagay ki pou ta fè yo wont pito. Se bagay lemonn ase ki nan tèt yo. -Filipyen 3:18, 19

Padone e wa resevwa padon

Si nou padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou ki nan syèl la va padonnen nou tou.

-Matye 6:14

San presye Kris la ka wete nou nan lavi san sans la

Bondye wete nou nan lavi san sans nou te resevwa nan men zansèt nou yo. Nou konnen sa li te peye pou sa. Se pat avèk bagay ki ka pèdi valè yo tankou lajan ak lò. Men, se avèk gwo ofrann san Kris la ki te koule lè li te ofri tèt li tankou yon ti mouton san defo ni okenn enfimite. Gremesi Kris la, nou gen konfyans nan Bondye ki te fè l leve sòti vivan nan lanmò, nan Bondye ki te ba l lwanj.

-1 Pyè 1:18, 19, 21a

Se mechanste kap dirije-m

Nou tout nou te tankou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi ou. Tou sa nou t'ap fè ki byen te tankou rad sou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi ou. Akòz peche nou yo, nou te tankou fèy chèch van ap bwote.

-Ezayi 64:6

Kolè Bondye tonbe sou lespri dezobeyisans lan

Se nan bagay sa yo nou t'ap viv nan tan lontan. Nou t'ap swiv move kouran ki nan lemonn, nou t'ap fè volonte chèf otorite yo ki nan lè a, move lespri k'ap travay kounyeya nan moun k'ap dezobeyi Bondye yo. Lè sa a, nou menm jwif yo, nou te menm jan ak yo. Nou t'ap mennen lavi nou dapre egzijans lachè, nou t'ap fè kapris kò nou ak tout vye lide ki te vin nan tèt nou. Konsa, nou menm jwif, jan nou te ye a, nou te kondannen pou n te tonbe anba kolè Bondye tankou lòt yo.

-Efezyen 2:2, 3

Satan se mèt tout moun ki pa konvèti

Si malgre sa, bòn nouvèl m'ap anonse a pa klè toujou, li pa klè pou moun k'ap peri yo. Yo pa kwè paske sa yo pran pou Bondye nan lemonn lan bouche lespri yo. Li enpoze yo wè limyè bòn nouvèl la. Se bòn nouvèl sa a ki fè nou konnen pouwa Kris la, li menm ki pòtre Bondye.

-2 Korent 4:3, 4

Men nan Kris gen laviktwa

Kounyeya, nanpwen okenn kondannasyon pou moun ki fè yon sèl kò ak Jezikri. Lalwa Sentespri a ap fè nou viv ansanm ak Jezikri.

-Women 8:1, 2a

**MOUN KI PA TOUNEN VIN JWENN
BONDYE SE MOUN SATAN**

45

Jaden an se latè. Bon grenn yo, se moun ki fè pati Peyi Wa a. Move zèb yo, se moun ki patizan Satan.
-Matye 13:38

Se Satan ki papa nou. Se sa k fè nou vle fè sa papa nou vle.
-Jan 8:44a

Nan Adan nou te vin lènmi Bondye

Moun ki pa avèk mwen, se kont mwen yo ye. Moun ki p'ap ede m ranmase, se gaye y'ap gaye.
-Matye 12:30

***Se sa-k fè, nou bezwen fèt you dezyèm fwa ak
pwisans Lespri Kris la***

Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo kounyeya.
-2 Korent 5:17

Mouton m yo koute vwa m, mwen konnen yo epi yo swiv mwen. Mwen ba yo lavi ki p'ap janm fini an. Yo p'ap janm peri.
-Jan 10:27, 28a

***Abandonnen lavi ou koulye a nan
men Senyè Jezikri***

Enben, kounyeya, men lè a rive pou n resevwa favè Bondye a. Se jòdi a menm nou ka jwenn delivrans.
-2 Korent 6:2b

Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè sa k gen pou fèt la: l'a padonnen tout peche nou yo, l'a netwaye nou anba tou sa ki mal. -1 Jan 1:9

**46 GEN LAVIKTWA POU TOUT
TAN NAN KRIS**

Kisa, atò, ki va fè nou pèdi renmen Kris la gen pou nou an? Soufrans ka fè nou sa? Osinon, kè sere? Osinon, pèsekisyon? Osinon, grangou, mizè, gwo danje, lanmò? Men, sou tout bagay sa yo, nou genyen batay la nèt ale, gremesi moun ki renmen nou an. **-Women 8:35, 37**

Paske, depi se pitit Bondye ou ye, ou kapab genyen batay la sou lemonn. Men ki jan nou fè genyen batay la sou lemonn, se paske nou gen konfyans nan Bondye. **-1 Jan 5:4**

***Gen rekonpans pou moun ki va goumen
jouk yo genyen batay la***

Se pou moun ki gen zòrèy pou yo tande tande sa Lespri Bondye a ap di legliz yo. Tout moun ki va goumen jouk yo genyen batay la, m'a ba yo lamàn ki kache a. M'ap ba yo chak yon ti wòch blan ak yon lòt non ekri sou li, yon non pèsonn pa konnen esèpte moun ki resevwa l la.

-Revelasyon 2:17

Tout moun ki va goumen jouk yo genyen batay la, epi ki va toujou ap fè sa m vle yo fè a jouk sa kaba, m'a ba yo pouvwa sou tout nasyon.

-Revelasyon 2:26

***Ou genyen gran valè devan Bondye. Prèv
la, nou wè li nan Kalvè!***

M'ap di nou tou sa, paske, gremesi Jezikri, mwen gen konfyans nan Bondye. Konprann byen, mwen pat janm gen pretansyon pou m ta kapab fè bagay konsa ak pwòp kouray mwen. Sa mwen fè a, se Bondye ki fe m ka fè li. **-2 Korent 3:4, 5**

**SE POU CHWAZI KI MOUN OU VLE 47
SEVI POU TOUT TAN TOUT TAN**

Moun konvèti yo, yap parèt ak Kris nan laglwa

Nou menm ki deja leve sòti vivan ansanm ak Kris la nan lanmò, se pou nou chache bagay ki anwo nan syèl la kote Kris la chita sou bò dwat Bondye. Pa kite bagay ki sou latè pran tèt nou, mete lide nou sou bagay ki anwo nan syèl la. Se Kris la ki lavi nou tout bon. Lè la parèt, nou menm tou n'a parèt ansanm avè l nan tout bèl pouvwa li. Se poutèt sa, se pou nou detwi nan nou tou sa ki sòti nan lemonn tankou: imoralite, malpwòpte, move dezi, move lanvi, renmen lajan (ki menm jan ak sèvi zidòl). Se tout bagay sa yo ki fè kòlè Bondye tonbe sou moun ki derefize obeyi li.

-Kolosyen 3:1, 2, 4-6

Moun ki pa konvèti yo, ansanm ak Satan, va gen madichon pou tout tan tout tan

Aprè sa, la pale avèk sa ki sou bò gòch li yo, la di: Wete kò nou sou mwen, nou menm ki gen madichon! Al nan dife ki p'ap janm mouri an, dife ki te pare pou dyab la ak zanj li yo.

-Matye 25:41

Tout mechan yo gen pou mouri. Tout moun ki bliye gen Bondye gen pou mouri tou. **-Sòm 9:17**

Si se men ou ki pou ta fè ou tonbe nan peche, koupe l, voye l jete. Pito ou antre nan lavi a ak yon sèl men, pase pou ou rete ak tou de men ou, apre sa pou ou al nan lanfè, kote dife a pa janm mouri.

-Mak 9:43

Imilye ou devan Bondye

Jezi rele yon timoun, li mete l nan mitan yo. Li di: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Si nou pa chanje, si nou pa tounen tankou yon timoun piti, nou p'ap janm ka mete pye nou nan Peyi Wa ki nan syèl la. Se poutèt sa, moun ki va soumèt tèt li devan Bondye, ki va tounen tankou timoun sa a, se li ki va pi grannèg nan Peyi Wa ki nan syèl la.

-Matye 18:2-4

Repanti pou peche ou yo

Se konsa Jan te parèt nan dezè a, li t'ap batize, li t'ap mache bay mesay sa a: Tounen vin jwenn Bondye. Vin resevwa batèm, epi Bondye va padonnen peche nou yo. Apre yo te fin mete Jan nan prizon, Jezi ale nan peyi Galile pou l te fè konnen Bòn Nouvèl Bondye voye a. Li t'ap di yo konsa: Jou a rive. Kounyeya, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men li. Tounen vin jwenn Bondye. Asepte Bòn Nouvèl la.

-Mak 1:4, 14, 15

Mwen di nou: Non. Men si nou menm nou pa tounen vin jwenn Bondye, nou tout n'ap peri menm jan an tou.

-Lik 13:3

Chanje lavi nou, tounen vin jwenn Bondye pou l ka efase peche nou yo. Lè sa a, Bondye va fè nou jwenn yon rafrechì pou nanm nou devan li, l'a voye Jezikri, moun li te chwazi davans pou nou an.

-Travay 3:19, 20

(Gade paj kap swiv la.)

AKSEPTE KRIS KOM SOVE PA OU JODI A MENM

Lage kò ou nan men Jezikri

Renmèt kòz ou nan men Senyè a! Mete konfyans ou nan li, l'a ede ou. -Sòm 37:5

Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pèdi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an. -Jan 3:16

Yo reponn li: Mete konfyans ou nan Senyè Jezi, epi w'a va delivre, ou menm ansanm ak tout fanmi ou. -Travay 16:31

Bondye bay ou dwa devni pitit Li

Men, sa ki te resevwa l yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye. -Jan 1:12

Deklare Kris se Sovè pa ou

Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Senyè a, si ou kwè tout bon nan kè ou Bondye te fè l leve sòti vivan pami mò yo, w'a sove. Paske, lè yon moun gen konfyans tout bon nan kè l, se lè sa a Bondye fè l gras. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen konfyans nan Bondye, se lè sa a Bondye delivre li, dapre sa ki ekri nan Liv la: Nenpòt moun ki mete konfyans yo nan li p'ap janm sòti wont. -Women 10:9-11

M'ap di nou sa: Moun ki va kanpe pou mwen devan lèzòm, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, m'a fè menm bagay la pou li devan zanj Bondye yo. -Lik 12:8

Published in numerous languages by World Missionary Press, Inc.,
as God supplies funds in answer to prayer. **For questions or more
information by country, visit: www.wmp-contacts.org**

LI PA FET POU VANN

World Missionary Press
PO Box 120
New Paris, IN 46553-0120 USA
www.wmpress.org

3-24



Read booklets online or by App
www.wmp-readonline.org

1404/2 Kreyol (Haitian) VJC